

Fè Atansyon ak Prezans

Kite Adolesan Ou an Sou Bon Wout la nan Lekòl

Menm ofiramezi adolesan yo ap grandi epi vin pli endepandan, fanmi yo jwe yon wòl enpòtan nan asire ke adolesan yo patisipe oswa vin lekòl la san danje chak jou.

ESKE OU TE KONNEN?

- Absans ka yon siy ke yon adolesan ap pèdi enterè, li genyen difikilte avèk travay lekòl la, l ap fè fas ak entimidasyon oswa l ap fè fas avèk kèk lòt difikilte.
- Jiska 6yèm ane, absans se youn nan twa siy ke yon adolesan kapab kite lekòl segondè.
- Lè li rate 10% (sèlman 2 jou nan chak mwatye) sa ka vrèman afekte reyisit akademik yon adolesan.
- Prezans se yon konpetans esansyèl ki pral ede adolesan ou an kenbe yon bon travay epi jwenn yon diplòm inivèsité.

SA OU KA FÈ

Kominike avèk Lekòl la

- **Kontakte pwofesè adolesan an** epi fè yo konnen fason yo ka kontakte w.
- **Mande èd** nan men responsab lekòl yo, nan men founisè pwogram aprè lekòl yo, lòt paran oswa ajans kominotè yo si ou bezwen èd avèk manje, lojman oswa kèk lòt difikilte.
- **Konnen politik lekòl la sou prezans** ak konsekans pou absans yo.
- **Verifye prezans adolesan ou an** pou asire ke y ap asiste tout kou yo.
*Panse pou mande lekòl la yon **chanjman pou ale nan aprantisaj an pèsòn** si aprantisaj adistans lan pa angaje adolesan ou an.

Fè De Prezans Lekòl la yon Priyorite

- **Asire w ke adolesan ou an pran vaksen pou grip la** ak lòt piki ki obligatwa yo.
- **Dekouvri si adolesan ou an santi li an sekirite.** Asire w ke politik sou disiplin lekòl la pa fè adolesan ou an vin dezangaje oswa kite lekòl la. Si genyen pwoblèm, travay avèk lekòl la pou jwenn yon solisyon.
- **Verifye chak semèn konsènan pwogrè akademik adolesan ou an epi chèche èd nan men pwofesè oswa titè yo.**
- **Rele okouran de kontak sosyal adolesan ou an.** Presyon kamarad ka fè elèv la soti kou. Adolesan ki te genyen difikilte pou fè zanmi ka santi yo izole.
- **Mande èd lè ou bezwen l.** Manm pèsònèl lekòl la, founisè pwogram aprè lekòl yo, ak lòt paran oswa ajans kominotè yo disponib pou ede fanmi yo jwenn manje oswa lojman epi fè fas ak lòt eksperyans ki rann li difisil pou asiste ek patisipe.

Ede Timoun Ou An Rete An Sante epi Angaje